



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN PAKE LEJISLATIF ISTORIK POU RANFÒSE LWA SOU ZAM AK PWOTEJE NOUYOKÈ YO

*Yon pake ki gen dis pwojè lwa konplè fèmen twou vid ki genyen nan lwa sou zam enpòtan ki te ekspoze nan fiziyad trajik nan Buffalo ak Uvalde yo*

*Lejislasyon S.9458/A.10503 entèdi pou nenpòt moun ki poko gen 21 ane achte fizi semi-otomatik lè yo egzije yon pèmi*

*Lejislasyon S.9407-B/A.10497 entèdi acha jilè pabal eksepte moun ki nan pwofesyon espesifik yo*

*Lejislasyon S.9113-A./A.10502 elaji lis moun ki ka depoze Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm yo epi ki egzije fòs lòd yo pou yo ranpli ERPO yo nan yon seri sikonstans espesifik*

*Pakè a ranfòse tou rapò sou krim; li fèmen twou vid "lòt zam" lan; egzije mikwo-estanpaj pistolè semi-otomatik; elimine dwa akizisyon aparèy ki gen gwo kapasite; egzije konpayi rezo sosyal yo amelyore repons ak rapò sou kontni ki chaje ak rayisans*

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a yon pake lejislatif istorik pou ranfòse imedyatman lwa eta a sou zam, fèmen vid enpòtan ki te ekspoze pa tirè yo nan Buffalo ak Uvalde epi pwoteje Nouyòkè yo kont fleo vyolans ak zam k ap kontinye enfekte nasyon nou an epi mete kominate nou yo an danje. Gouvènè Hochul te siyen pwojè lwa yo nan Northeast Bronx YMCA ki te antoure pa Lidè Majorite a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Carl Heastie, patnè yo nan lejislati a, Pwokirè Jeneral Letitia James ak viktim ak sivivan vyolans ak zam yo.

"Vyolans ak zam se yon epidemi k ap dechire peyi nou an. Panse ak lapriyè p ap ranje sa a, men pran mezi solid prakl fè sa", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nan New York, n ap pran mezi odasye pou pwoteje moun nan eta nou an. Mwen fyè pou m siyen yon pake pwojè lwa konplè ki entèdi yo vann zam semi-otomatik bay moun ki poko gen 21 ane, ki entèdi yo vann jilè pabal yo eksepte moun ki nan pwofesyon seleksyone yo, ki fèmen twou vid ki genyen nan lwa sou zam yo epi ki ranfòse Lwa sou Sinal Alam (Red Flag Law) nou an pou retire zam nan moun ki danjereki —nouvo mezi ke mwen

kwè ki pral sove anpil lavi. Mwen rekonesan anvè Lidè Majorite a Stewart-Cousins, Prezidan Heastie, ak tout patnè lejislatif nou yo paske yo te aji avèk ijans ak atansyon ke pwoblèm sa a mande. Pandan n ap pran aksyon rapid pou amelyore lwa sou zam Eta New York ki se lidè nan nasyon an, nou rekonèt vyolans ak zam se yon pwoblèm nan tout peyi a. Yon lòt fwa ankò, mwen ankouraje Kongrè a pou suiv egzanp nou epi pran mezi imeda pou adopte mezi enpòtan pou prevansyon vyolans ak zam. Lavi yo depann de li."

"Genyen yon flewo vyolans ak zam nan peyi nou an akòz omniprezans zamafe ilegal. Ane apre ane, katye nou yo ap inonde ak zam ilegal ak zam fantom, k ap toumante fanmi ak sitwayen ki respekte lalwa chak jou, men poutan repons nasyonal la pa chanje", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare**. "Nan New York, nou fèk pase lwa sekirite ki gen bon sans sou zam epi gen plis timoun ki pral viv pou wè gradyasyon lekòl segondè yo akoz sa. Nan batay pou sove lavi, New York pran devan."

**Lidè Majorite a, Andrea Stewart-Cousins, te deklare**, "Peyi nou an rive nan yon moman pou li rann kont akoz zam lagè ki te twò fasil pou moun k ap chèche touye yo gen aksè nan yo. Zam sa yo te fè plas nan kominate tankou lekòl, magazen, mezón adorasyon, ak konsè, tounen plas pou masak. Nan moman devastan sa yo nan New York ak atravè peyi a, nou te travay ak Gouvènè Hochul, Prezidan Heastie, ak manm Lejislati Demokratik la pou leve kanpe epi voye yon mesaj ke chemen vyolans ak zam nan pa akseptab epi nou bezwen chanjman ki reyèl."

**Prezidan Asanble a Carl Heastie te deklare**, "Kòlèg mwen yo ak mwen menm nan Majorite Asanble a te travay san pran souf pandan plizyè ane pou abòde flewo vyolans ak zam ki te anvayi peyi sa a pandan twò lontan. Nan 10 jou sèlman, de fiziyad terib retire lavi 31 moun inosan nan Uvalde, Texas ak isit la nan Buffalo, New York - ki gen ladan timoun yo - nan kote yo ta dwe santi yo an sekirite. Ansanm ak kòlèg nou yo nan Sena a ak Gouvènè Hochul, nou te travay pou fè lwa New York sou zam yo vin youn nan lwa ki pi sevè nan peyi a paske nou kwè ke chak Ameriken merite pou yo santi yo an sekirite. Mwen fyè de efò nou isit la nan New York, men peyi sa a bezwen gen yon konvèrsasyon serye sou fasinasyon obsèn li yo ak zam ak zam daso pou ke chak Ameriken ka viv san yo pa pè vyolans ak zam k ap devaste kominate yo."

**Pwokirè Jeneral New York Letitia James te deklare**, "Jodi a, New York ap pran mezi rapid e konplè pou konbat epidemi vyolans ak zam lan ki kontinye retire lavi Ameriken inosan yo chak jou. Atravè nasyon an, twou vid, lwa laksis, ak inakson ofisyèl publik yo pèmèt zam pwopaje nan lari nou yo epi devaste kominate nou yo. Avèk nouvo pake lwa sou zam sa a, New York pral kontinye dirije nan enpoze lwa sou zam ki rezonab ki kenbe pèp nou an an sekirite, epi mwen ankouraje lòt eta yo pou yo suiv menm bagay la. Tan pou voye panse ak lapriyè pou kont li an pase lontan sa - kounye a se tan pou aksyon."

Siyen an lwa mwens pase yon mwa apre zak laterè trajik sipremasis blan an nan yon makèt nan Buffalo, pake ki gen dis pwojè lwa konplè sa a pral: entèdi yo vann fizi semi-otomatik bay nenpòt moun ki poko gen 21 ane lè li egzije yon pèmi; entèdi acha jilè

pabal pa nenpòt moun ki pa angaje nan yon pwofesyon elijib; ranfòse Lwa sou Sinal Alam lan nan elaji lis moun ki ka depoze yon Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm (Extreme Risk Protection Orders, ERPO) epi mande fòs lòd yo pou ranpli ERPO nan yon seri sikonstans byen presize; fè menas krim an mas yon krim; mande mikwo-estanpaj pou novo zam semi-otomatik yo; amelyore enfòmasyon ki pataje ant ajans eta yo, lokal ak federal yo lè yo itilize zam nan krim epi ranfòse kondisyon pou machann zam ki gen rapò ak kenbe dosye ak pwoteje envantè yo; fèmen twou vid "lòt zam" lan nan revize ak elaji definisyon yon zamafe; elimine dwa akizisyon aparèy alimantasyon ki gen gwo kapasite; epi mande pou platfòm medya sosyal yo bay yon mekanis pou itilizatè yo rapòt konduit rayisab.

### **Ogmante laj pou achte fizi semi-otomatik**

Lejislasyon S.9458/A.10503 mande pou moun yo jwenn yon pèmi anvan yo achte yon fizi semi-otomatik. Dapre Iwa Eta New York ki déjà egziste, moun yo dwe gen 21 ane oswa plis pou jwenn yon pèmi pou zam.

### **Etèdi jilè pabal**

Lejislasyon S.9407-B/A.10497 rann li ilegal pou achte epi vann jilè pabal pou nenpòt moun ki pa angaje nan yon pwofesyon ki kalifye. Pwofesyon ki kalifye yo genyen ladan yo ofisyè fòs lòd ak lòt pwofesyon yo, ke Depatman Deta (Department of State) a pral deziyen an konsiltasyon ak lòt ajans yo. Li mande tou ke tout vant jilè pabal yo fèt an pèsòn.

### **Ranfòse Lwa sou Sinal Alam lan**

Lejislasyon S.9113-A/A.10502 elaji ki moun ki ka depoze yon demann Dekrè Pwoteksyon pou Risk Ekstrèm (ERPO) pou enkli pratikan swen sante yo ki te egzamine yon moun nan sis dènye mwa yo.

Li amande Iwa lisans zam afe a pou asire ke rapò pratikan sante mantal yo sou moun ki kapab danjere yo konsidere ak anpil atansyon lè y ap detèmine si yo dwe bay yon pèmi pou zamafe.

Li egzije tou pou lapolis ak avoka distri yo depoze petisyon ERPO lè yo jwenn enfòmasyon kredib ke yon moun gen anpil chans pou li angaje nan konduit ki ka lakòz gwo mal-swa pou tèt li oswa pou lòt moun.

Li egzije Lapolis Eta a ak Konsèy Fòmasyon Polis Minisipal la pou kreye ak difize règleman ak pwosedi pou idantifye ki lè yon petisyon ERPO ka jistifye.

### **Mikwo-estanpaj**

Lejislasyon S.4116-A/A.7926-A gジー Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) pou sètifye oswa deklane pistolè ki gen mikwo-estanpaj yo

pratik sou plan teknolojik epi si yo sètifye kòm pratik, pou tabli pwogram epi pase nan aplikasyon teknoloji sa; epi tabli li kòm yon krim pou vann yon zam ki pa gen mikwo-estanpaj nan fason ilegal

Mikwo-estanpaj se yon teknik inovan pou make minisyon ki make bal ak katouch ak yon anprent inik chak fwa yo dechaje yon zam afe. Sa pèmèt envestigatè yo konekte bal ak po katouch yo rekipere sou sèn krim yo ak yon zam espesifik ak potansyèlman lòt krim.

### **Fèmen twou vid yo**

Lejislasyon S.9456/A.10504 elaji definisyon yon "zamafe" pou antre tout zam ki pa defini nan Lwa Penal la ki fèt pou tire oswa ki ka konvèti fasilman pou tire yon pwojektil pa aksyon yon eksplozif. Sa gen objektif pou kapte zam ki te modifie yo pou tire depi anba bra a, ki soti nan definisyon aktyèl zam ak fizi yo.

Lejislasyon S.9229-A/A.10428-A elimine dwa akizisyon dispozitif alimantasyon gran kapasite yo ke yo te posede legalman anvan adopsyon Safe Act la oswa ki te fabrike anvan 1994.

Lejislasyon S.89-B/A.6716-A kreye krim pou fè menas zak sou mas epi rann li yon krim grav pou fè yon menas zak sou mas.

### **Amelyore pataj enfòmasyon**

Lejislasyon S.4970-A/A.1023-A egzije pou fòs lòd yo fè rapò avanse nan baz done sou zam eta ak federal yo. Ajans yo dwe rapòte zam yo sezi oswa rekipere yo nan sant echanj zam kriminèl la; patisipe nan pwogram pataj dona kolektif ATF yo; epi antre mak, modèl, kalib, ak nimewo seri zam nan sant enfòmasyon sou krim nasyonal la.

Lwa a egzije tou pou machann zam yo adopte estanda sekirite ak rapò inifòm. Li entèdi moun ki gen pi piti pase 18 ane epi ki pa akonpaye pa yon paran rantre nan kèk kote nan lokal yon machann zam; bay fòmasyon pou tout anplwaye sou kijan pou manevre zam, fizi, ak transfè zam lachas, ki enkli kijan pou idantifye epi reyaji ak acha ilegal yo. Li egzije tou pou Lapolis Eta a fè enspeksyon sou machann zam yo chak twazan.

### **Amelyore repons ak rapò sou kontni medya sosyal ki chaje ak rayisans ak menas**

Lejislasyon S.4511-A/A.7865-A egzije rezo sosyo nan New York yo bay yon politik klè epi presi konsènan fason yo ta reponn ak ensidan sou konduit lahèn sou platfòm yo epi kenbe mekanis ki aksesib pou rapòte konduit lahèn sou platfòm sa yo

Lejislasyon S.9465/A.10501 kreye yon nouvo Gwoup Travay sou Rezo Sosyo ak Ekstremis Vyolan (Task Force on Social Media and Violent Extremism). Loje nan Biwo Pwokirè Jeneral la, Gwoup Travay la pral estid epi fè envestigasyon sou wòl konpayi rezo sosyal yo nan pwomosyon ak fasilitasyon ekstremis vyolan ak teworis nasyonal anliy.

Nouvo seri lwa solid sa a yo, ki fèt pou bay pwoteksyon imeda epi ki amelyore epi devlope ak apwouve an patenarya ak Lidè Majorite a Andrea Stewart-Cousins ak Prezidan Carl Heastie, bati sou de Dekrè Egzekitif yo te pibliye touswit apre fiziyad nan Buffalo a.

Premye [Dekrè Egzekitif](#) la fèt pou konbat ogmantasyon boulvèsan teworis nasyonal ak ekstremis vyolan ki souvan enspire, planifye ak afiche sou platfòm rezo sosyal yo ak sou fowòm entènèt yo. Dekrè Egzekitif la mande Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) lan pou etabli yon novo inite, ki dedye sèlman pou prevansyon kont teworis nasyonal, nan Biwo Konte Teworis (Office of Counter Terrorism) Divizyon an. Nouvo inite sa a pral konsantre sou jesyon evalyasyon menas, debouse finansman nan lokalite yo pou kreye ak opere pwòp ekip jesyon evalyasyon menas pa yo epi itilize rezo sosyal pou entèvni nan pwosesis radikalizasyon an. Li pral edike tou manm fòs lòd yo, pwofesyonèl sante mantal yo ak ofisyèl lekòl yo sou dènye ogmantasyon ekstremis vyolan ak radikalizasyon nasyonal ak lokal, epitou li pral kreye pi bon pratik pou idantifye ak entèvni nan pwosesis radikalizasyon an.

Dekrè Egzekitif la mande Lapolis Eta New York la tou pou yo tabli yon inite espesyal nan Sant Entèlijans Eta New York (New York State Intelligence Center, NYSIC) la pou retrase ekstremis vyolan nasyonal atravè rezo sosyal yo. Inite a pral devlope pis ankèt atravè analiz rezo sosyal yo, ak yon konsantre espesifik sou idantifye menas posib yo ak moun ki motive pa radikalizasyon ak ekstremis vyolan. Finalman, Dekrè Egzekitif la mande chak konte pou yo fè yon revizyon konplè sou estrateji, politik ak pwosedi aktyèl li yo pou konfwonte menas teworis nasyonal yo.

Dezyèm [Dekrè Egzekitif](#) la pral egzije Polis Eta a ranpli yon Dekrè Pwoteksyon pou Risk Ekstrèm (Extreme Risk Protection Order, ERPO) dapre Lwa sou Sinal Alam (Red Flag Law) Eta New York la chak fwa yo gen yon rezon pwobab pou kwè ke yon moun se yon menas pou tèt li oswa pou lòt moun.

Gouvènè Hochul te pibliye tou yon [referans](#) bay Biwo Pwokirè Jeneral la dapre Lwa Egzekitif Seksyon 63(8) pou mennen ankèt ak etidye platfòm rezo sosyal yo ke sispiè fiziyad Buffalo te itilize pou difize, ankouraje, ak fasilité vyolans, anbrase rayisans, ak lejitime tewori ranplasman. Konklizyon ankèt la pral sèvi pou amelyore epi devlope estrateji Eta New York pou konbat rayisans ak ekstremis vyolan.

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare,** "Fiziyad masif terib nan Buffalo a te chane New York. Li te kraze yon kominate epi li te revele vulnerabilite nou an fas extremis ki alimante pa rayisans. Pandan n ap koute vwa ki pi afekte yo epi sipòte gerizon yo, nou dwe aji tou pou asire sa pa janm rive ankò. Atravè pwojè lwa ke Gouvènè Hochul ap siyen an lwa jodi a, New York ap konfwonte entèsekson rayisans mòtèl, ekstremis, ak vyolans zam. Nou remèsyé Gouvènè a pou lidèchip li pou pwoteje Nouyòkè yo epi nou espere travay ak eta nou an ak patnè lokal yo pou aplike lwa sa yo, pou bati sou politik ak pwogram prevansyon vyolans ak zam nou an k ap mennen nan nasyon an."

**Komisè Sante Eta New York Ia, Doktè Mary Bassett, te deklare**, "Evènman ki sot pase yo montre yon lòt fwa ankò nesesite pou nou adopte yon apwòch ak politik legal pou abòde vyolans ak zam ki anvayi kominote nou yo epi ki retire lavi chak jou. Prevansyon se nwayo nan yon apwòch sante publik. Mwen bat bravo pou Gouvènè a pou lidèchip li paske li siyen an lwa yon pake pwojè lwa ki se yon egzanp pou nasyon an epi ki pral rann Nouyòkè yo vin pi an sekirite epi sove anpil lavi. Sa a se sante publik ki an aksyon."

**Sipè-entandan Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare**, "Retire zam ilegal nan lari nou yo rete yon pi gwo priyore epi nou kontinye fè patenarya ak lòt ajans fvs lòd lokal, eta ak federal yo pou pataje enfòmasyon, estrateji, ak taktik. Nou apresye angajman ak sipò Gouvènè a ak Lejislati a pou travay sa a ak objektif pataje nou pou bay pwoteksyon ak sekirite pou tout Nouyòkè yo."

**Direktè Biwo pou Prevansyon Vyolans ak Zam Ian nan Eta New York, Calliana S. Thomas te deklare**, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak patnè lejislatif nou yo pou pake ki gen dis pwojè lwa konplè sa a ki pral ranfòse epi fèmen twou vid enpòtan nan lwa sou zam lan. Nou pral kontinye pran yon apwòch ki gen divès aspè pou bati solisyon pou anpeche vyolans ak zam nan tout eta a - ki kouvri apwòch sante publik, politik, ak apwòch ki baze nan kominote a - epi nou ankouraje moun sa yo ki andeyò Eta New York pou yo aji avèk menm nivo ijans lan pou yo ka abòde vyolans ak zam ak antanke pwoblèm ke li ye nan tout peyi a."

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Ian, Jackie Bray, te deklare**, "Jodi a, Eta New York nan kad lidèchip Gouvènè Hochul te pran mezi rapid ak desizif pou ranfòse lwa sou zam nou yo epi ogmante pwoteksyon ak sekirite Nouyòkè parèy nou yo. Kenbe Nouyòkè yo an sekirite vle di asire ke nou ap fè absoliman tout sa ki nan pouvwa nou pou retire zam lagè nan move men. Gouvènè Hochul ap fè egzateman sa."

**Komisè Divizyon Dwa Moun Ian, Maria Imperial, te deklare**, "Pawòl rayisans ki pa verifye ka gen konsekans trajik ak mòtèl. Mezi sa yo se yon etap enpòtan pou konbat vyolans ki baze sou rayisans e mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou lidèchip li pou fè fas ak kriz sa a."

**Elizabeth Cronin, ki se Direktris Biwo Sèvis pou Viktim yo (Office of Victim Services, OVS), te deklare**, "Defansè viktим yo wè efè devastatè vyolans ak zam yo chak jou, y ap travay san pran souf pou asire moun ak fanmi yo jwenn sipò ak sèvis yo bezwen pou yo rekipere yo e pou yo avanse. Travay sa a ekstrèmman enpòtan, men nou bezwen fè plis pase sèlman reponn ak epidemi sa a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li te pran mezi desizif pou ranfòse pwoteksyon tout Nouyòkè yo."

**Senatè Eta, Jamaal Bailey, te deklare**, "Nou pa ka tann pou pwochen Buffalo oswa Uvalde a aji. Avèk pake lejislasyon sa a, New York ap dirije peyi a nan ranfòse lwa sou zam nou yo pou abòde yon fason ki enpòtan nan flewo vyolans ak zam lan. Pwojè lwa mwen an pral etabli yon gwoup travay devwe nan Biwo Pwokirè Jeneral New York la

pou mennen ankèt sou wòl rezo sosyal yo nan pwomouvwa ekstremis vyolan ak itilizasyon platfòm rezo sosyal yo pou planifye ak fasilité zak teworis nasyonal. Ansanm ak pwojè lwa kòlèg mwen yo pou egzije yon pèmi epi ogmante laj pou achte yon fizi semi-otomatik, ranfòse tchèk antedesan pou vant zam ak minisyon, epi amelyore rapò sou medya sosyal ki chaje ak rayisans yo, pake lejislatif sa a pral sove lavi epi anpeche trajedi alavni. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul paske ou siyen an lwa pake pwojè lwa ki pi solid pou atake vyolans ak zam nan istwa eta nou an, Lidè Majorite a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Carl Heastie, ak kòlèg mwen yo nan tou de chanm yo pou lidèchip nou nan moman kriz sa a."

**Senatè Eta Brad Hoylman te deklare**, "Nou dwe fè tout sa ki nan pouvwa nou pou anpeche vyolans ak zam New York. Nou onore souvni 10 lavi ki te pèdi nan Buffalo nan men yon sipremasis blan, 19 timoun nan Texas, ak plizyè santèn Nouyòkè ki mouri anba vyolans ak zam chak ane ak pake pwojè lwa sekirite sou zam sa a. Mwen santi mwen onore ak enb pou mwen te patwone de pwojè lwa ke Gouvènè Hochul te siyen jodi a, ki gen ladan novo lwa mikwo-estanpaj (S.4116A/A.7926) ak pwojè lwa a ki fè li pi fasil pou pouswiv ka kote yo te itilize yon chajè ki gen gwo kapasite (S.9229A/A.10428A). Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li defann ak siyen rapidman pwojè lwa sa yo, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins paske li priyorize sekirite kont zam, ak defansè yo ak òganizasyon kont vyolans ak zam yo ke nou travay sere ak yo, ki gen ladan, New Yorkers Against Gun Violence (Nouyòkè yo Kont Vyolans ak Zam), Everytown, Moms Demand Action, Brady, Giffords and the Coalition to Stop Vyolans Zam."

**Senatè Eta Todd Kaminsky te deklare**, "Moun ki menase fè gwo mal sou piblik la yo dwe rann li responsab. Tribunal nan eta nou an bloke pouswit kont moun ki fè menas grav kont lekòl, sinagòg ak biznis nou yo, kidonk li te nesesè pou fèmen twou vid sa a. Lè nou siyen lejislasyon sa a, n ap ekipe lapolis pou yo pouswiv moun ki fè menas sa yo nan tout limit lalwa prevwa. Sekirite pitit nou yo ak vwazen nou yo pa mande mwens pase sa a. Mèsi Gouvènè Hochul ak Manm Asanble Wallace pou travay yo fè sou sa."

**Senatè Eta Anna M. Kaplan te deklare**, "Teworis nasyonal rasis ki te asasiné 10 Nwa Nouyòkè inosan nan yon makèt nan Buffalo te radikalize sou entènèt nan yon anviwonman kote yo ankouraje diskou rayisans ak kote pa gen anpil opsyon pou moun ki gen bon konsyans pou sonnen alam sou sa k ap pase la a. Nou tout konnen ekspresyon "si ou wè yon bagay, di yon bagay" la, men malerezman, anpil platfòm medya sosyal fè li enposib pou pale lè ou wè yon bagay danjere oswa ki ka lakoz mal sou entènèt. Lejislasyon mwen an pral pèmèt itilizatè rezo sosyal yo kenbe espas vityèl yo pi an sekirite pou tout moun nan bay mekanis rapò ki klè ak konstan pou sinyale diskou rayisans, epi ak konsekans devastatè rayisans toutotou nou ap vin pi mal chak jou, nou bezwen pran mezi sa a touswit. Mwen rekonesan pou lidèchip Gouvènè Hochul paske li siyen lwa sa a ansanm ak tout pake sekirite kont zam lan nou te adopte semèn pase a, epi mwen rekonesan pou patenarya mwen ak Manm Asanble a Patricia Fahy sou pwojè lwa sa a."

**Senatè Eta a Brian Kavanagh te deklare**, "Nou p'ap janm debarase peyi nou an nèt ak atwosite tankou fiziyad terib ki te fèt nan Buffalo ak Uvalde -- oswa vyolans ak zam chak jou ki anvayi anpil nan kominote nou yo -- jiskaske endistri zam ak alye yo nan Kongrè a ak nan anpil eta yo aji yon fason responsab e yo sispann bloke lwa ki ta sispann vyolans la. Men, aksyon nou yo pandan dènye deseni ki sot pase a, ak lwa Gouvènè Kathy Hochul ap siyen jodi a, demonstre ke nou vle e nou kapab pwoteje Nouyòkè yo kont flewo vyolans ak zam lan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Lidè Majorite a Andrea Stewart-Cousins, ak Prezidan Carl Heastie pou lidèchip yo, kòlèg nou yo nan chanm egzekitif la ak lejislati a, ak anpil defansè, sivivan, pwofesyonèl fòs lòd yo, ak ekspè prevansyon vyolans ak zam yo ki te ede fasone konpreyansyon nou sou sa ki dwe fèt."

**Senatè Eta Tim Kennedy te deklare**, "Pandan Washington ap kontinye echwe pou I aji, New York menm ap monte sou kreno," Senatè Tim Kennedy te deklare. "Youn nan jou ki pi sonm nan Vil Buffalo ap mennen nan direksyon chanjman, epi n ap leve wva moun nou te pèdi yo lè nou fè refòm reyèl ak solid ki pral ede anpeche trajedi alavní ak sove lavi. Pandan ke travay nou an pa fini, Mwen fyè dèské Lejislati a te kapab reyini byen vit sou pwoblèm sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li epi paske li siyen pwojè lwa sa yo pou vin lwa."

**Senatè Eta a, Sean Ryan te deklare**, "Pandan kominote Buffalo ap kontinye kriyr, plizyè douzèn lòt kominote tankou pa nou an te pèdi lavi inosan akòz fiziyad an mas. Li te klè depi lontan ke peyi nou an bezwen pran mezi odasye pou anpeche atak sa yo, konfwonte idewoloji sipremasi blan ak ideyoloji rayisans, epi fè tout sa ki posib pou sove lavi. Pandan n ap tann gouvènman federal la aji, se responsabilite chak eta pou fè pati pa nou. Isit la nan New York, nou te gade ak anpil atansyon sa ki te pase nan Buffalo ak Uvalde, Texas pou devlope refòm bon sans ki pral fè yon diferans epi ede anpeche trajedi sa yo rive alavní."

**Senatè Eta a, Luis Sepúlveda te deklare**, "Mwen santi mwen onore Gouvènè Kathy Hochul te siyen lwa S9456 mwen an, ki chanje definisyon zam afe pou enkli "Zam Zonbi" (Ghost Guns)". Zam Zonbi yo, san ekivok, se yon gwo eleman nan vyolans ak zam k ap ogmante k ap travèse kominote nou yo. Lwa sa a se yon etap transandal nan batay nou pou asire sekirite piblik. Gouvènè Hochul te chwazi Bronx kòm senaryo pou voye yon mesaj klè bay tout Eta a ak rès Nasyon an: nou p ap rete bwa kwaze san nou pa aji pou lapè ak trankilite pou kominote nou yo. Jodi a, n ap bay plizyè milyon moun espwa e n ap pwouve ke li posib pou nou reyini ansanm pou bay kominote nou yo zouti yo bezwen ak pwoteksyon yo merite pou yo viv anpè."

**Senatè Eta a, James Skoufis te deklare**, "Pake sekirite kont zam nou an voye yon mesaj klè apre Buffalo, Uvalde, ak yon pakèt lòt trajedi vyolan: New York pral fè sa ki nesesè pou kenbe kominote nou yo an sekirite. Pwojè lwa ekspansyon 'sinal alam' lan ke mwen patwone a pèmèt pwofesyonèl sante ak swen sante mantal yo pou ranpli òdonans pwoteksyon risk ekstrèm pou ede rerire zamafe nan men moun ki danjere. Mwen bat bravo pou Gouvènè a paske li siyen sa a ak lòt mezi kle pou pwoteje fanmi nou yo ak kominote yo."

**Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare**, "Pandan gouvènman federal la chita ap kwaze bra li, Eta New York leve kanpe epi pran mezi yon lòt fwa ankò pou pwoteje rezidan nou yo kont vyolans ak zam. Trajedi yo nan Buffalo ak Uvalde te montre gen yon korelasyon ant fiziyad an mas ak jèn moun ki gen aksè san limit ak zam semi-otomatik yo. Mwen fyè dèské mwen se sipòtè prensipal S.9458, ki ta ogmante laj pou achte fizi semi-otomatik yon fason efikas soti nan 18 rive 21 ane. New York kontinye rete yon lidè nan mete an aplikasyon lwa sou zam ki gen bon sans. Mwen remèsye Gouvènè Hochul dèské li siyen pake lejislatif sa k ap sove lavi pou li vin lwa jodi a pou asire kominote yo atravè New York rete an sekirite."

**Manm Asanble a Kenny Burgos, te deklare**, "Vyolans ak zam se yon epidemi nasyonal ak yon flewo sou kominote nou yo. Epi lè nenpòt lavi inosan pèdi anba kout zam, se yon echèk pou gouvènman nou an ak pou limanite nou an. Se poutèt sa mwen ankoraje pa travay san pran souf kòlèg lejislatif mwen yo ak Gouvènè a ki te adopte pake refòm sekirite kont zam ki pi konplè nan peyi a. Sa enkli pwòp pwojè lwa mwen an ki fèmen yon twou vid danjere epi elají definisyon zamafe pou kenbe tèt ak lespri inovan ki twoublan nan endistri zam lan. New York leve kanpe nan moman detrès sa a nan istwa nasyon nou an, epi mwen lanse apèl pou Kongrè a fè menm bagay la."

**Manm Asanble, Patrick Burke, te deklare**, "Kòm yon papa, mwen konnen laperèz ak enkyetid paran yo santi lè y ap voye timoun yo lekòl. Akolad "pase yon bon jounen" an dire yon ti tan anplis. Nou bezwen refòm zam bon sans nan nivo federal men Nouyòkè yo ka gen asirans ke Majorite Lejislati yo a ak Gouvènè yo pral fè tout sa ki nan pouvwa yo pou pwoteje yo ak fanmi yo kont vyolans ak zam."

**Manm Asanble Kevin Cahill te deklare**, "Lè yon moun nan kriz, moun ki pi byen ekipe pou idantifye yo ak ede yo se pwofesyonèl sante mantal yo. Nan ranfòsman Lwa sou Sinal Alam lan ak pwolonje kapasite pou depoze Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm, nou pral ede asire ke moun ki prezante yon danje imeda pou tèt yo oswa pou kominote nou yo pa santi yo san valè epi pou yo kapab kòmanse resevwa atansyon ak tretman yo bezwen."

**Manm Asanble William Conrad, te deklare**, "Nou menm antanke Ameriken kapab absoliman defann dwa Dezyèm Amannman nou an pandan n ap asire pwoteksyon enòptan kont krim ak zam. Yon re-angajman anvè Lwa sou Sinal Alam lan, règleman pratik sou posesyon ak itilizasyon zam semi-otomatik, pataje dosye konplè pamí ak nan avantaj ajans fòs lòd yo - sa yo se kèk nan mezi bon sans ki pral sipòtè alafwa posesyon zam responsab epi ki pral bay kontwòl ranfòse vas majorite sitwayen nou yo mande yo. Kriz vyolans zam yo, ki te tèlman touche Buffalo nan dat 14 me, yo pral abòde li ak yon apwòch ki gen plizyè aspè ki gen ladann plis pase aksè ak zamafe ki pi sere. Men, mwen kwè ke lejislasyon ki adopte ane sa a nan Eta New York reprezante repons imeda ki apwopriye ak vyolans sa yo. Nou pa kapab jwi libète zansèt nou yo te vle pou nou san asirans pwoteksyon ak sekirite debaz."

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare**, "Nou te wè twòp rayisans ak moze enfòmasyon ki pwopaje atravè rezo medya sosyal yo, e twò souvan vitriyòl sa a transfòme an vyolans anliy epi li ka debouche sou kalite trajedi ki te fèt nan Buffalo mwa pase a. Avèk plis pase 4.75 milya pòs ki fèt sou Facebook sèlman chak jou ak plis pase 70 pouzan Ameriken ki gen kèk fòm kont medya sosyal, nou bezwen platfòm rezo sosyal yo mete an plas politik klè, ki presi sou fason pou rapòte ak adrese kontni rayisans. Lejislasyon sa a voye yon mesaj solid bay platfòm ak konpayi medya sosyal yo; ke yo dwe pran aksyon reyèl pou pwoteje Nouyòkè yo kont pwopagasyon diskou rayisans danjere ak move enfòmasyon alafwa sou entènèt ak andeyò entènèt."

**Manm Asanble Jonathan Jacobson te deklare**, "Menm jan ak nan twòp lòt fiziyad an mas, mesye ame nan Buffalo a te antre nan magazen an ak yon jilè pabal pou li te an sekirite pandan li t ap touye viktim inosan yo. Ajan sekirite ame magazen an te tire sou li, men tirè a pa te blese epi li te risposte, epi touye ajan sekirite a. Sa a se yon pwjè lwa li pwo-aplikasyon lalwa. Sòf si pwofesyon ou mete w nan yon risk espesyal pou vyolans ak zam, pa gen okenn rezon ki fè ou bezwen yon jilè pabal. Pwojè lwa sa a pral ede retire yo soti nan men moun ki vle pwoteje tèt yo kont fòs lòd yo oswa lòt ofisyè sekirite yo pandan y ap fè lòt moun mal. Si nou pa ka anpeche kriminèl sa yo tire, pi piti bagay nou kapab fè se retire pwoteksyon yo."

**Manm Asanble, Chantel Jackson, te deklare**, "Li lè pou nou pase odela jis ofri panse ak priyè bay viktim vyolans ak zam yo. Gouvènè a ak lejislati a pran angajman pou yo franchi tout etap pou asire sekirite tout Nouyòkè yo. Pwojè lwa mwen patwone a pral egzije pou moun yo gen 21 ane ak pèmi pou achte oswa pran posesyon yon fizi semi-otomatik."

**Manm Asanble Karen McMahon te deklare**, "Kominote atravè nasyon an ak nan rejon lwès New York yo toujou sou chòk vyolans ak zam ki san sans ak terib. Prèske yon deseni depi masak Sandy Hook la, nou nan menm pozisyon an yon fason enkonprevansib, nou ap soufri konsekans inaksyon yo. Men, isit la nan Eta New York, mwen fyè dèské kòlèg mwen yo ak mwen te pran pozisyon epi nou te di 'ase.' Ansanm, nou te adopte yon seri de pwojè lwa ki pral mete restriksyon sou zam lagè ak jilè pabal yo, fèmen twou vid ki genyen pou jwenn yon zam, konbat diskou rayisans sou entènèt, ak plis ankò. Avèk siyati Gouvènè a, nou franchi yon etap nan bon direksyon an pou yon sekirite ak responsabilite zam ki pi amelyore nan Eta New York."

**Manm Asanble Demond Meeks, te deklare**, "Pwensip debaz pou eta New York se Excelsior, "toujou pi wo." Nan kòmansman COVID-19, New York te pran devan nan adopte mezi ak pwoteksyon pou konbat pwopagasyon virus enkoni sa a. Nou te aji rapid e nou te avanse pandan nou t ap fè sa nou te kwè ki te bon pou sove lavi nan tout eta nou an. Sa pa diferan paske li gen rapò ak fiziyad an mas ak ogmantasyon pouvantaj vyolans ak zam, yon lòt maladi mòtèl ki depase kominote nou yo. Kòm yon epidemi, nou dwe pwoteje manm yo nan kominote nou yo nan enpleante refòm restoratif pou ogmante sekirite publik. Nou dwe kenbe inisyativ nou yo epi fè presyon pou règleman ak direktiv ki pral pwoteje moun nan Eta New York kont lòt zak vyolans san sans. Ansanm,

nou dwe pran pozisyon kont rayisans ak prejije, fè efò pou toujou rete pi wo pou rezidan ak fanmi nou yo."

**Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare**, "Menm jan nou kontwole vant alkòl pou minè yo, se konsa tou nou ta dwe kontwole vant zam otomatik pou minè yo. Pake lwa pou zam konplè Gouvènè Hochul pral siyen an lwa reprezante mezi bon sans ke tout pwopriyetè zam ki respekte lalwa ta dwe kapab sipòte, tankou entèdi yo vann fizi semi-otomatik bay nenpòt moun ki poko gen 21 ane lè yo egzije yon pèmi, entèdi acha jilè pabal pa nenpòt moun ki pa angaje nan yon pwofesyon elijib, ak ranfòse Lwa sou Sinal Alam lan nan elaji lis la nan moun ki ka ranpli Òdonans Pwoteksyon kont Risk Ekstrèm lan. Tirè an mas yo te resamman itilize twou vid ki genyen nan lwa eta yo pou devaste kominote yo ak dechire fanmi yo. Lè nou fèmen yo, New York ap franchi yon lòt etap pou pi devan nan pwoteje rezidan li yo kont flewo vyolans ak zam k ap kontinye detwi kominote yo atravè nasyon nou an, paske aksyon nan nivo federal la te jele e yo te bloke nan yon enpas politik."

**Manm Asanble Linda Rosenthal te deklare**, "Vyolans ak zam se premye kòz lanmò nan mitan jèn yo nan nasyon nou an. Inakson nou an fas ak anpil masak ki ka evite se yon anbarasman nasyonal. Lè nou konsidere paralezi federal kontinyèl, New York ap pran devan yon lòt fwa ankò pou mete restriksyon sou zam yo. Mikwo-estanpaj se yon zouti enpòtan ki pral ede lapolis rezoud krim yo. Ak yon pouvantaj eklèsisman sou krim ak zam nan Vil New York ki se 30%, mikwo-estanpaj pral ede jwenn kriminèl danjere yo ak zam yo nan lari yo. Sa se youn nan pi bon fason pou mete fen nan sik vyolans visye a. Mwen rekonesan anvè Prezidan Heastie pou lidèchip li sou pwoblèm sa a ak Gouvènè Hochul paske li te siyen li an lwa."

**Monica Wallace, ki se Manm Asanble, te deklare**, "Apre atak devastatè yo nan Buffalo epi answit nan Uvalde, pèp Eta New York la te mande aksyon pou mete fen nan vyolans ak zam san sans lan. Nou te kenbe pwomès nou lè nou te adopte lwa sou kontwòl zam ki gen bon sans ki pral pwoteje moun yo epi sove lavi yo. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul pou lidèchip li sou pwoblèm sa a ak paske li siyen lejislasyon mwen an ki fè li yon krim pou menase pou komèt nenpòt fiziyad an mas."

**Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare**, "Gen yon gwo kantite Ameriken ki sipòte lwa bon sans zam ki pwoteje sitwayen nou yo, fèmen twou vid ki genyen yo, epi anpeche yo itilize zam vyolans an mas nan kominote nou yo. Jan nou tout konnen twò byen, twòp lavi te detwi, fanmi devaste ak anpil soufrans viktim yo, moun yo renmen yo ak kominote yo anba vyolans ak zam pou kite moman sa a pase. Lwa sa a se yon gwo reyalizasyon ak yon anons nou bay Etazini ke Eta New York ini epi konsantre kont vyolans ak zam. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul ak lidèchip Asanble ak Sena eta nou an pou aksyon rapid yo. Pake lejislatif konplè sa a pral ede sove lavi, pwoteje rezidan nou yo, epi retire zam nan men moun ki pa ta dwe genyen yo."

**Kajistra Vil New York la, Eric Adams, te deklare**, "Lanmè vyolans ak zamlan pa gen yon sèl pwen orijin, men 10 lwa sa yo pral mete baraj nan kèk nan rivyè ki mennen nan

Ianmè sa a. Travay an patenarya ak envestisman nou yo nan prevansyon ak entèvansyon, mwen gen konfyans ke seri lwa sa a pral kontinye rediksyon nan fiziyad nou te wè pandan dènye mwa yo atravè Vil New York. Mwen te deja sipòte ak goumen pou anpil nan efò sa yo, ki gen ladan Mikwo-estanpaj, nan Lejislati a, e mwen byen kontan jodi a nou ap pran mezi pou anpeche Vil New York vin tounen pwochen Buffalo, Uvalde, Orlando, Columbine, oswa Sandy Hook. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul ak lidè lejislatif nou yo paske yo te deplase ak ijans pou sove lavi."

**Majistra Buffalo Byron Brown te deklare**, "Nan jou sa a, gen mezi ki te pran nan Eta New York nan direksyon yon refòm sansib pou chak Nouyòkè ka santi yo pi an sekirite pou ale nan magazen, ale lekòl ak vizite tanp adorasyon yo san yo pa bezwen konsidere posiblite pou yon tirè an mas k ap bandi yon zam ki fèt pou lagè. Viktim fiziyad an mas nan Buffalo ak atravè peyi a pa dwe anven. N ap kontinye fè tande vwa nou epi ankouraje gouvènman Federal la pou I suiv direksyon New York pou okenn kominate pa dwe santi doulè ak pèt tankou Buffalo, Uvalde, Philadelphia ak anpil lòt kote nan peyi nou an."

**Majistra Niagara Falls Ia, Robert Restaino, te deklare**, "Eta New York toujou aji kòm yon lidè nan peyi nou an nan sa ki gen pou wè ak pran mezi pou pwoteje sitwayen nou yo kont vvolans ak zam. Yon fwa ankò, nou ap trase chemen an. Nouvo lwa Gouvènè Hochul te siyen jodi a konsantre sou kenbe vwazen nou yo an sekirite. Yo konsantre sou kenbe timoun nan lekòl yo an sekirite. Yo mete kalite lavi sitwayen yo anvan politik. Yo se yon aksyon apwopriye pou konbat laterè k ap toumante non sèlman kominate Lwès New York la, men tou, tout peyi a. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul epi mwen sipòte devouman li pou fèmen twou vid ki genyen nan lwa aktyèl nou yo sou zam. Nouvo mezi sa yo pral ede pwoteje moun k ap eseye viv lavi yo chak jou, kit yo ap achte pwovizyon oswa yo priye nan yon legliz. Gouvènè Hochul te mete moun yo an premye lè li te siyen nouvo lwa sa yo."

**Pwokirè Distrik Manhattan Ia, Alvin Bragg te deklare**, "Li pral mande yon apwòch tout men nan pat la pou konbat vvolans ak zam nan eta nou an, e mezi sa yo reprezante yon bagay enpòtan pou lavni pou kenbe kominate nou yo an sekirite. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul, Prezidan Heastie ak Lidè Majorite a Stewart-Cousins paske yo rekonèt enpòtans moman sa a epi pran mezi rapid. Biwo mwen an pral kontinye travay sere ak lidè kominotè yo, lejislatè yo ak patnè fòs lòd nou yo pou retire zam nan lari nou yo epi rann kondiktè vvolans yo responsab."

**Pwokirè Distri Bronx Ia, Darcel D. Clark, te deklare**, "Nenpòt bagay nou ka fè pou anpeche masak fiziyad an mas yo, ak vvolans ak zam chak jou ki anvayi kominate nou yo dwe fèt KOUNYE A. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul, Prezidan Heastie ak Lidè Majorite a Stewart-Cousins paske yo te pran mezi nan nivo eta a epi nou espere ke Kongrè a pral aji tou."

**Avoka Distri Queens Ia, Melinda Katz, te deklare**, "Vvolans ak zam se yon maladi ki afekte tout pati nan peyi nou an. Eta New York, kòm dabitud, ap trase chemen an nan sa ki gen pou wè lak lejislasyon ki efè chanjman reyèl. Mwen te fyè pou m rejwenn

Gouvènè Kathy Hochul ak lejislatè eta yo, ki te mete tèt yo ansanm sou yon chemen pou nasyon nou an nan ranfòse mezi kontwòl zam yo. Plis nou limite aksè ak zam afe, se plis n ap sove lavi. Mwen remèsye Gouvènè a ak Lejislati a pou aksyon yo."

**Pwokirè Distri a, Michael E. McMahon, te deklare**, "Pandan nasyon nou an ap kriye apre plizyè fiziyad an mas, epi nou wè yon ogmantasyon nan devastasyon vyolan ki te koze pa inondasyon zam ilegal nan lari Vil nou an, espesyalman nan men jèn nou yo, batay pou ranfòse lwa sou zam yo ak anpeche trajedi alavnvi yo pa janm te pi ijan. Pakèt pwojè lwa konplè Lejislati Eta a te adopte epi Gouvènè Hochul te siyen an lwa jodi a enpòtan anpil pou ede fòs lòd yo kenbe kominate nou yo an sekirite epi asire zamafe pa tonbe nan move men. Nan biwo Pwokirè Distrik Staten Island lan, pwokirè mwen yo pral kontinye travay avèk zèl pou rann responsab moun ki posede ak itilize zamafe ilegal epi pou bay jistics pou viktim krim vyolan sa yo. An menm tan, pwoblèm nasyonal vyolans ak zam lan mande atansyon imedyat, epi mwen mande lidè nou yo nan nivo federal pou yo adopte mezi ki menm jan an pou ede anpeche asasinay san sans tankou nou te temwen nan Uvalde, Buffalo, ak nan twòp lòt fiziyad an mas nan souvni resan. Pwoteje Nouyòkè yo ak tout Ameriken kont fleo vyolans ak zam yo dwe rete yon pi gwo priyrite pou lidè yo atravè gouvènman an. Nan Staten Island, biwo mwen an pral kontinye travay ak yon pakèt patnè, soti nan fòs lòd yo, rive nan lidè eli yo, gwoup anti-vyolans yo, ak kominate swen sante a, pou ankouraje kominate ki pi an sekirite, bay plis resous sante mantal, ak travay pou anpeche vyolans ak zam pwopaje nan lari nou yo gras ak politik ak pouswit presizyon wodpòte."

**Pezidan Pwofesè Reyini Eta New York la (New York State United Teachers), Andy Pallota te deklare**, "Doulè kominate edikasyon New York la santi apre laterè Buffalo ak Uvalde an pwofon. Men, sa ki ba nou espwa se volonte lidè New York yo pou mete politik sou kote epi adopte mezi bon sans pou ede abòde flewo vyolans ak zam lan ak fiziyad an mas ki ravaje nasyon an. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Lejislati a paske yo te reponn ak apèl pou chanjman epi nou pral kontinye travay avèk yo pou ede kominate nou yo geri."

**Michael Mulgrew, Prezidan Federasyon Pwofesè Ini (United Federation of Teachers), te deklare** "Nou sipòte mezi kontwòl zam ki gen bon sans pou kenbe timoun nou yo, lekòl yo, lari yo ak kominate yo an sekirite. Elèv nou yo ap mande nou pou aji."

**Konseye Anchèf Adjwen Sant Jiridik Giffords (Giffords Law Center), David Pucino, te deklare**, "Pwojè lwa yo siyen an lwa jodi a pral rann Nouyòkè yo vin pi an sekirite. Yo fèmen twou vid ki genyen nan lwa a, prezante nouvo inovasyon pou ede rezoud krim ak zam, ak ranfòse sekirite ak zam. Pa gen yon sèl politik ki pral fè fiziyad yo sispann, men pwojè lwa sa yo reprezante yon pwogrè enpòtan nan direksyon pou pwoteje kominate nou an kont vyolans ak zam. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip vanyan li apre yon trajedi ineksprimab. Efò li yo, ak efò lidè nou yo nan Albany, se yon temwayaj pou New York kòm yon lidè nan prevansyon vyolans ak zam."

**Rebecca Fischer, Direktris Egzekitiv Nouyòkè Kont Vyalans ak Zam Ian (New Yorkers Against Gun Violence) te deklare**, "Fas ak yon kriz vyalans ak zam k ap ogmante, Gouvènè Hochul ak Lejislati Eta New York la te fè li yon lòt fwa ankò vin yon priyore semèn sa a pou pwoteje Nouyòkè yo lè yo adopte yon lis pwojè lwa prevansyon vyalans ak zam solid, k ap sove lavi. Mezi sa yo pral ede retire zam nan men moun ki an kriz pou anpeche fiziyad an mas, swisid ak lòt vyalans ak zam, yo pral mande yon pèmi pou achte oswa posede yon fizi semi-otomatik nenpòt kote nan eta sa a, epi yo pral bay fòs lòd yo yon Nouvo zouti traseaj pou sispann trafik ak zam epi kenbe machann zam vwayou yo responsab. Antanke Nouyòkè ak Ameriken, nou pa ta dwe gen krentif pou vyalans ak zam chak jou nan katye nou yo oswa nan kay nou yo, nan tren nou yo, nan makèt nou yo, nan lekòl nou yo, nan tanp adorasyon nou yo, oswa nenpòt lòt kote. Pandan ke Kongrè a ap kontinye bloke refòm nasyonal zam ki enpòtan, nou rekonesan paske nou genyen chanpyon eksepsyonèl nan prevansyon vyalans ak zam k ap dirije gouvènman eta nou an. Mèsi Gouvènè Hochul paske w te siyen pwojè lwa sa yo an lwa epi w te kenbe timoun nou yo ak tout Nouyòkè yo an sekrite."

**Ko-Fondatè ak Direktè Egzekitif Youth Over Guns Ian, Luis Hernandez te deklare**, "Pandan kominate nou yo fè fas ak trajedi ak chagren nou dwe jwenn solisyon pou abôde epidemi vyalans ak zam iminan. Jodi a se yon jou istorik pou Eta New York pandan n ap kontinye dirije nasyon an ak politik solid ak bon sans. Youth Over Guns fyè pou li kanpe ansam ak Gouvènè Kathy Hochul pandan n ap travay pou asire byennèt ak sekirite jèn yo atravè eta a. Sa a se yon etap remakab pou lavni, epi nou envite reprezantan federal nou yo pou yo chèche jwenn konsèy nan New York. Jodi a ak pou tout tan, nou mande pou mete fen nan masak sa a tou senpleman paske nou merite grandi."

**Prezidan Brady a, Kris Brown, te deklare**, "Sa a se yon jou istorik pou New York ak jis dènye egzanp eta a ki mennen nasyon an nan adopte lwa prevansyon vyalans ki gen bon sans ak solid. Gouvènè Hochul te defann prevansyon vyalans ak zam epi isit la te reyaji yon fason desizif apre fiziyad trajik nan Buffalo pou ofri politik k ap sove lavi ke Nouyòkè yo toujou dakò sou yo. Lidèchip li se yon egzanp pou peyi a, epi nou bat bravo pou lejislati a, Gouvènè Hochul, ak anpil defansè lokal ak debaz ki te sipòte politik sa yo epi ki te asire ke yo vin lwa."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)